Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 10 (7459)
8 Март
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## 8 Мартгун - руччаби!

Хириял руччаби!
РакI-ракIалъ баркула нужеда бищунго берцинаб, бищунго гвангъараб ихдалил праздник – 8 Март. Гьеб буго бакъул хинал чIоралгун, чIаголъулеб, цIилъулеб тIабигIатгун, щибаб соналъго бачIунеб байрамазул цояб. Гьелъуль бессун буго чIужугIаданалъул сипаталда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьабула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хIайранал кучIдул ахIарал, нилъер хIеренал, кидаго нилъ рекIел хинлъиялъги, тIалаб-агъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хIажаталъур хьолбохъ ратулел ясал ва яцал.
Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухIияб рацIалъиги хинлъиги цIунулел, хIалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикIабщинаб. Мекъи ккеларо чIужугIадан гьечIони ракьалда гIумру букIинарин абуниги. ЧIужугIадан гьечIеб рукъ – гьеб буго цIа свараб гъасито. ЧIужугIаданалъул кверазги гIакълуялъги, махщалицаги гIуцIула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кIудияб ва жавабчилъи цIикIкIараб роль хIалтIизабула общественниябгун жамгIияб гIумро цебетIезабиялда. Доб Совет хIукуматалъул заманалда гIадин жакъаги дагьаб хIалтIи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъеги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутIабаздаги. ЧIужугIадан кидаго мустахIикъай йиго рецдалъеги адаб-хIурматалъеги.
Гьарула киналго руччабазе ракълилаб гIумро, талихIгун рохел, щулияб сахлъи. Биччанте киналго хъизанал рахIаталда ва гьарзалъиялда рукIине. Иманги, талихIги, икъбалги, нужее, нижер хириял руччаби!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Аппаратальулаб данделъи



3 марталда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьорк,

райадминистрациялда тIобитIана иргадулаб аппаратальулаб данделъи. Гьенир рорхана гIемер батIи-батIияб суалал. Гьедин бицана Шамильхъала поселокалда ва Рихьуни росулъ лъим чIезабиялъул, гIала-гъважа баччиялъул, районалъул школазда хинаб квен чIезабиялъул. Гьединго бетIер ГI. НурмухIамадовасул хIаракаталдалъун хIукмо гьабуна районалда субботник тIобитIизе. Гьеб гьабизе буго цебе букIинчIеб къагIидаялъ, субботникалда гIахьаллъизе руго гIицIго бихьинал. «Нилъер руччабазе цIакъ бокьула рацIа-ракъалъи, рачIа гьезие сайгъат гьабизе лъикIаб рацIалъи»,-ян бихьизабуна бетIерас.
Гьединго данделъиялда тIадчIей гьабуна халкъазда гьоркьосеб байрам 8 Март ва цогидалги праздникал кIодо гьариялда. БетIерас тIуразарулел суалазда хурхун тIаде кколезе тIадкъаялги къуна.

## Дагъистаналъул Къоял - Москвалда

Гьал къоязда унел ругел Федерациялъул Советалъул Къоязда гIахьаллъулей йиго Унсоколо районалъул руччабазул Советалъул председатель Хадиджа МалламухIамадова. Дагъистаналъул делегациялъе нухмалъи гьабулеб буго Дагъистан Республикаялъул БетIерасул ишал тIуралев С. Меликовас. Къоял унел руго ДААСРалъ 100 сон тIубай кIодо гьабулеб гьаб заманалда.
Х. МалламухIамадова Дагъистаналъул Къоязда гIахьаллъулей йиго РДялъул Пюлилазул Парламенталъул депутат, общественниял организациязул, Унсоколо районалъул руччабазул вакил хIисабалда.
Гьединал тадбиразда нилъер вакил гIахьаллъиялъ рес кьезе буго регионалда ва районалда цIилъаби лъугьиналъе.



## Пайдаяб данделъи



Гьал къоязда районалъул администрациялда тIобитIана иргадулаб аппаратальулаб данделъи. Бачана гьеб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулмутIалим МухIамадовас.
Гьоркьор лъезе росун рукIана батIи-батIияй суалал:
ТIоцебесеб иргаялда ГI-М. МухIамадовас гIахьаллъараздасан тIалаб гьабуна араб данделъиялда иш тIаде ккколезда тIадкъан рукIарал хIалтIабазул хIисаб кьей.
Гьедин, гьабурал ва гьабизе хIисабалде росарал хIалтIабазул бицана районалъул культураялъул отделалъул нухмалъулев ГI. ГIабдулаевас. ГIемерал хIалтIаби гьарулел ругин культураялъул хIалтIухъабаз районалда,-ян бихьизабуна гьес. ТIоритIана гIемерал дандчIваял, конференциял, батIи-батIияй тадбирал гьарулел руго библиотекараз. ГI. МухIамадовичас гьединго бицана халкъазда гьоркьосеб праздник – 8 Марталда гьаризе ракIалда ругел тадбиразулги.
Лъай кьеялъул учреждениязда гьарулел ругел хIалтIабазул бицана лъай кьеялъул отделалъул нач. КъурамухIамад ХIасановас. ХъатIана цогидал суалаздаги: ЖКХ, объектал рай, финансал, налогал гIадал ва жеги гIемерал суалазда.



## Вакцинациялда хурхун



Дагьал цередIан къоязда районалъул администрациялде рачIун рукIана Унсоколо ЦРБялъул хIалтIухъаби. Ахирияй къояз районалъул гIемерал учрежденияздагун организациязде щвана гьел. Аслияб мурад гьедин хьвадиялъул букIана гIадамазда вакцинация гьабиялъул бугеб кIвараралъул хIакъалъулъ бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби.
Администрациялъул хIалтIухъабазулгун дандчIвай гьабизе рачIун рукIана ЦРБялъул терапиялъул отделалъул врачал. Гьез администрациялъул коллективалда бицана цIибахъараб Гам-КОВИД-Вак тайпаялъул даруялъул. Гьеб гьанжеялде нилъер районалъул 200 чиясе щун буго.
«Гьеб ккола чиясе щибго хIинкъи гьечIеб цIияб вакцина. Гьелда гьорлъ гьечIо кинал рукIаниги гIадамасул чорхолъ гIумро гьабун бажарулел чIагояй вирусал. Гьедин гьанжеялде районалда жидеего бокьун 200 чиясе гьабун буго вакцинация, абизе ккола вакцинация гьабуразул сахлъиялъе кинаб букIаниги зарал ккечIин. Гьединабго ахIвал-хIал буго тIубараб пачалихъалдаго. Гьарула нужеда, божуге батIи-батIияй информациониял алатаз вакциянациялда хурхун рицунел жалазда»,-ян абуна ГIабдурахIманова ГIайшатица.

(Ахир 4 гьумералда)

# «За справедливый Дагестан» организациялъул данделъиялда

Дагъал церегІан къоязда МахІачхъала шагьаралъул Мира къотІноб бугеб адвокатазул контораялде данделъун рукІана Дагъистаналда бугеб квешабщинаб ракІазе захІмалъарал гІадамал. Гьениб гьоркьоб лъуна «За справедливый Дагестан»,-абураб регионалияб гун общественнияб организация гІуцІиялъул суал. Гьеб тасдикъ гьабун бугоан 28 сентябралда букІараб данделъиялда. КІиабилеб данделъиялда тасдикъ гьабуна организациялъул Уставги.

«За справедливый Дагестан» регионалиябгун общественнияб организациялъул аслияб хІалтІи буссараб буго рищватчилъиялде, цІогьалде ва цогидабги чороклъиялде данде рагъ гьаби, ритІухълъи, закон цІунулел органаздасан х1алт1и тІалаб гьаби гІадал ва цогидалги рахъазде.

Данделъиялда байбихьулаб кІалъай гьабуна РДялъул РООялъул председатель, Дагъистаналъул муфтияталъулгун щулияб бухьен бугей Зубаржат МухІамадсултІановалъ. Гьелъ тІадчІей гьабуна гьадинаб организация гІуцІиялъе гІилла бугин Дагъистаналда мекълъи-тІекълъи гІемерлъун букІиналъ, гьеб лъугІизабилъе республикаялъул нухмалъиялъе кумек хІажат букІин,-абун.

КІалъазе вахъарав регионалияб организациялъул нухмалъулев Карим ГІабдуразакъовас тІадчІей гьабуна гІуцІиялъул суалазда ва масъалабазда. Гьелъул аслиял рахъаллъун нухмалъулес рихьизаруна Дагъистаналъул идарабазда рищватчилъи, цІогь, гІадамаздехун адаб гьечІолъи бук1ин, гьеб лъуг1изабиялъе билъанхъизабизе нухмалъулез Дагъистаналъул Конституция цІуни, чиназухъ балагьичІого обществалда цоцадехун гьудуллъи, ракІ бацІцІалъи букІинаби, росабигун шагьарал экономикияб рахъалъ церетІезари, Дагъистаналъулгун Россиялъул тарих лъазабиялде кІвар кьей, миллиял газетал цІуни букІинаби, киналго халкъазул адаб-хІурматалъул ирс цІуниялъул асаразда гІолеб гІел кучай, киналго диназдехун хІурматияб балагьи гьаби ва цогидабги.

Данделъиялда кІалъарав Камиль МухІамадовас бицана республикаялда бугин закон хвезабиялъул, ритІухълъи гьечІолъиялъул, киса-кибего квешлъи цІикІкІунеб букІиналъул х1ужаби. Гьес ахІана бацІцІадаб гІумро гьабиялъе нухал ралагьиялде, нухмалъигун цадахъ рекъон квешлъабазда данде къеркьеялде, гьезда цере ритІухълъиялъул суалал лъеялде.

КІалъазе яхъарай Дагъистаналъул мустахІикъай врач Зубаржат МухІамадовалъ тІадчІей гьабуна республикаялъул къватІахъ бугеб гІалагъважаялда. –Дица гьаб хІал рикІкІуна инжитлъилъун, гьадинаб чороклъи къватІахъ букІин, культура гьечІолъи буго дир хІисабалда. Гьединго гьелъ тІадчІей гьабуна хІалтІулеб организациялъул статус букІине ккелин, полномочиял рукІинарилъе,-абун.

Данделъиялда кІалъарав С. Дадаевас тІадчІей гьабуна гьеб организация законнияб куцалъ хІалтІиялъе кинабго гьабизе кколин, Дагъистан ритІухъаб гІумроялде бачиналъе гьелъул кІварги бугин. Полномочиял рукІинариялъе хІалтІаби гьаризе ругел ресалги рихьизаруна гьес.

КІалъарав Ринат МухІамадовас тІадчІей гьабуна киса-кибего гьабсагІаталда ритІухълъи ц1унунгут1и, закон гьечІолъи бугин, гьеб чІезабиялъе ургъизе кколин. –Амма гьединаб ишалъе хІажалъула жигараб х1алт1и, гьабулеб иш законнияб букІин, нухмалъиялда цере лъолел суалал тІураялъе нахъаса тІей гьечІеб хІалтІи гьаби,-абун.

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ПИКРУ**

«За справедливый Дагестан» общественнияб организациялъул иргадулаб данделъиялда гІахьаллъана дунги. Гьениб бицунелъухъ гІенеккун дица хІисаб гьабулеб букІана «Кинабго битІараб буго, амма революциялъул бахІарзал М. Дахадаев, М. Къоркъмасов ва цогидалги гІадал васалги рахъун революциядай цІилъила яги власти гІумруги жидерголъун бихьарал «цІиял бечедазул» бахьикъосараб къеркьейдай бергьина»,-абун. Амма цо хІакъикъат буго КъуръаналъулрагІигІан кІвар бугеб. Щивасе хІажат буго ритІухъаб Дагъистан

**С. КЪЕБЕДМУХІАМАДОВА**

# Мигрантазул вакилзабигун дандчІвай



25 апрелалда ДРялъул 2020 соналъул 24 ноябралда букІараб терроризмалде данде чІеялъул комиссиялъул заседаниялъул протоколалда бугеб хІукму тІубазабиялъул мурадалда тадбир гІуцІун букІана районалъул территориялда мигрантазда гьоркьов лидер валагьиялъе ва гьесулгун щулияб бухьен гьабиялъе. Гьедин администрациялде гара-чІвариялъе ахІун вукІана Узбекистаналдаса Базаров Анвар Казимович. Гьесулгун гара-чІвари гьабуна общественнияб хІинкъи гьечІолъиялъул рахъалъ бетІерасул зам. М. ХІамзатовас.

ДандчІваялда рукІана АТКялъул ва спорт-комитеталъул вакилзабиги. Гьениб М. ХІамзатовас тІадчІей гьабуна мигрантазул ишалда хадуб хъаравуллъи букІиналъул, миграциялда хурхун районалда РФялъул ва РДялъул МВДгун цадахъ рекъон хІалтІи гьабулеб бук1иналда. Гьеб гьабулеб буго мигрантазул рахъалдасан ихтиярал хвезариялъул иш ккунгутІиялъе, гьединго гьезул ихтияралги хвезарунгутІиялъул мурадалда.

Анвар Базаровасулгун гара-чІвариялда кІалзулаб божилъи букІинабуна цадахъ рекъон хІалтІиялъе.

# ЖамагІатгун дандчІвана



2 марталда районалъул администрациялда букІана муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасул Унсоколо росдал жамагІаталъул вакилзабазулгун дандчІвай. Гьенив гІахьаллъана администрациялъул бетІерасул зам. ХъарамухІамад ГІабдулхаликъовги.

Аслияб суаллъун дандчІваялъул букІана Унсоколо росдал ччукІун унел бакІазда хурхараб. ГІагашагарго ччукІун унел 500 минаялъур гІумру гьабун руго гІадамал. Нахъбахъи гьечІеблъун бугеб гьеб суалалда хурхараб букІана данделъи.

ГІиса МухІамадовичас бихьизабухъе гьеб суал данд бан букІана РДялъул БетІер С. Меликовасулгун. «Дун щвана гьел минабахъе, рихьана гьел, лъала бугеб ахІвал-хІал. Дида цебе чІезабун бажаруларо, кин гьединал бакІазда гІумро гьабулебали. Гьеб суал тІубазабизе ккола хехго. Байбихьизе ккола гьабсагІаталдаго, жакъаго, заман щун буго. Гьел захІмалъаби халат рахъунел руго саназго. Сергей ГІалимовичасулгун букІараб дандчІваялда нижеца гьеб гьоркьоб лъуна. Кинабго гьабизе буго гьеб санагІатбахъи рукІалиде ккезабиялъе»,-ян абуна ГІ. НурмухІамадовас.

Данделъиялда борхана, чанго соналъ администрация тІад хІалтІулеб бугеб лъеда гъоркье кколел ракьазул суалги. «Гьеб суалги чІун хутІиялдаса шурана, гьебги гІумроялде бахъинабизе буго»,-ян абуна хадубги районалъул бетІерас.

Росдал бетІер ХІ. ГІабдулаевас бицана ччукІун унел минабахъ ругел гІадамазе росдал администрациялъ кІвараб кумек гьабулеб бугилан. Данделъиялда хІукму гьабуна цІияб хІалтІулаб комиссия гІуцІизе, гьелда гъорлъе рачине райадминистрациялъул ва росдал администрациялъул вакилзаби. Хал гьабизе щибаб рукъалъул ва цІидасан гІуцІизе ччукІун иналдалъун зарал ккаразул сияхІ.

# «Зарница» хІаялде хІадурлъулел руго

25 февралалда районалъул администрациялда букІана ТІолгороссиялъул «Зарница» спортивиябгун рагъул ва патриотикиял хІаязул гІуцІиялъул комиталъул хІадурлъиялъулал суалал гьоркьор лъураб данделъи. Гьеб бачана оргкомитеталъул пред. – районалъул бетІерасул зам. ГІ-М. МухІамадовас. ГІахьаллъана комитеталъул членал, школазул рагъул предметазул нухмалъулел ва цогидалги.

Конкурсалда гІахьалъизе руго муниципалитеталъул щибаб школалъул вакилзаби. Муниципалияб этап букІине буго гьаб соналъул 20 марталда. ХІай ине буго районалъул лъай кьеялъул, гІолилазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул ва туризмалъул отделазул хІаракаталдалъун. Муниципалияб этапалда бергьарал гІахьаллъизе руго І7 апрелалда Шамильхъалаялда букІине бугеб зоналияб этапалда.

Аслияб мурад хІаязул буго гІолеб гІелалъе рагъулабгун патриотикияб тарбия кьей, гьезулъ рухІиябгун физическияб барщи лъугьин, гІолилазда гьоркьоб рагъулаб хъулухъ гьабиялъе хІадурлъи лъугьин. Тадбир ине буго ДАССРалъ І00 сон тІубаялъул асаралда гьоркь.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 9 (7458)
Итни
8 Март 2021 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере



# Еще раз о важности прохождения диспансеризации и профосмотров

Диспансеризация и профилактические осмотры гражданам проводятся в целях оценки состояния здоровья и раннего выявления онкологии, сахарного диабета и другой патологии.

Раннее выявление лиц с онкологией и другими хроническими заболеваниями и риском развития тяжелых осложнений является основной медицинской и важнейшей социально – политической задачей, стоящей перед здравоохранением сегодня в связи с ростом таких заболеваний как онкология, сердечно – сосудистые болезни, сахарный диабет, туберкулёз.

Все эти заболевания можно выявить на ранней стадии развития и тем самым предотвратить тяжелые осложнения. Для того, чтобы пройти диспансеризацию, горожанам надо всего лишь прийти к своему участковому терапевту. При себе надо иметь паспорт, страховой полис и сказать, что пришёл пройти диспансеризацию. Каждый гражданин заинтересован в том, чтобы знать о состоянии своего здоровья, чтобы вовремя выявить имеющееся заболевание, не запускать его и вовремя излечиться. Людям надо ответственно относиться к своему здоровью, идти к врачу не тогда, когда болезнь уже в разгаре и медики не всегда смогут помочь, а стараться предотвратить болезнь. Есть такие заболевания, которые проходят бессимптомно на ранней стадии. С этой целью и проводятся диспансеризация взрослого населения и профилактические осмотры.

Медицинскими осмотрами должно быть охвачено всё население по возрастам с интервалом в 3 года. В первый раз диспансеризация проводится с 18 лет и затем через каждые 3 года до 39 лет. После 40 лет процедуру диспансеризации можно проходить ежегодно. И ранняя диагностика может спасти жизнь человека.

Объём работы для медиков достаточно большой. Но эту работу необходимо сделать, т.к. результаты диспансеризации важны. У медиков появится возможность провести профилактические мероприятия для предупреждения тех осложнений заболеваний, которые могут развиться при наличии заболевания.

Для удобства работающих граждан. Правительством РФ предоставляются 2 оплачиваемых выходных дня для прохождения диспансеризации. Все обследования по диспансеризации и профилактическим осмотрам осуществляются бесплатно по полису ОМС за счёт средств обязательного медицинского страхования.

Пройти диспансеризацию помогут страховые представители. Основная задача страховых представителей в области контроля диспансерного наблюдения обеспечить своевременное прохождения диспансеризации лиц, стоящих на диспансерном учёте и снижение рисков осложнений у пациентов.

Связаться со страховым представителем в случае необходимости можно, позвонив по телефону, указанному в полисе ОМС, по телефону горячей лини и контакт – центра 8-800-2222-905.

**Буйнакский филиал ТФ ОМС**

# В районе рабочая группа провела рейдовые мероприятия



2 марта, по указанию главы МО «Унцукульский район» Межведомственная рабочая группа по вопросам реализации мероприятий, направленных на снижение неформальной занятости, а также Межведомственная рабочая группа по проведению полной инвентаризации коммерческих объектов - провели совместные рейдовые проверки автозаправочных станций на территории Унцукульского района по выявлению лиц, занимающихся предпринимательской деятельностью без соответствующей регистрации в налоговых органах, оформлению трудовых отношений с работниками, также на предмет оформления права собственности на земельные участки и объекты капитального строительства.

Вместе с членами рабочих групп в рейдах приняли участие сотрудники полиции района и работники налоговых органов.

Рейдовые мероприятия прошли в поселениях Майданское, Ирганай и пос. Шамилькала.

В ходе рейдов выяснилось, что проверенные сегодня автозаправочные станции имеют регистрацию в налоговом органе, оформлены права собственности на земельные участки и объекты капитального строительства, также укомплектованы всеми необходимыми документами.

Работниками налоговой службы вручены налоговые уведомления об имеющейся задолженности по налогам, а также рекомендовано заключить трудовые договора с работниками.

Согласно утвержденному администрацией района плану-графику, межведомственной рабочей группой регулярно осуществляются выездные рейдовые мероприятия по снижению неформальной занятости и инвентаризации коммерческих объектов на территории района.

# Продление выплат на детей до 3 лет возвращается к привычному порядку с 1 марта 2021г.



Правила предоставления и условия выплат на детей до 3 лет не меняются. Прекращает действие порядок продления, принятый на время пандемии. До 1 марта продление выплат осуществлялось без заявления со стороны семьи. Этот беззаявительный порядок продления прекращает действовать с 1 марта текущего года. Отметим, что назначение пособий на детей до 3 лет как во время пандемии, так и до нее осуществлялось по заявлению семьи.

Как и прежде, до начала пандемии, после 1 марта для продления выплаты гражданам необходимо обратиться с пакетом документов в орган социальной защиты или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг (МФЦ).

Новое назначение и продление срока выплаты будут производиться с момента обращения в уполномоченные органы.

Напомним, выплаты в размере прожиточного минимума на ребенка предоставляются семьям со среднедушевым доходом ниже 2 прожиточных минимумов на человека из средств федерального бюджета на первого ребенка, из средств материнского капитала - на второго ребенка. В 78 регионах действуют выплаты на третьего и/или последующих детей.

Подавать заявление на продление выплат необходимо по достижении ребенком возраста одного года или двух лет. Данная мера социальной поддержки реализуется в рамках федпроекта «Финансовая поддержка семей при рождении детей» национального проекта «Демография».

# Важная информация для предпринимателей!

В соответствии с распоряжением Правительства Российской Федерации от 28 апреля 2018 года №792-р «Перечень отдельных товаров, подлежащих обязательной маркировке средствами идентификации» на сегодняшний день обязательной маркировке подлежат табачная продукция, обувные товары, духи и туалетная вода, фотокамеры и лампы-вспышки, товары легкой промышленности, молочная продукция.

По информации оператора государственной информационной системы мониторинга за оборотом товаров, подлежащих обязательной маркировке средствами идентификации в Республике Дагестан отмечена низкая динамика подключения участников оборота к указанной системе.

Так, по состоянию на 25 февраля 2021 года в системе «Честный знак» зарегистрировано 1415 участников оборота, при оценочном количестве участников оборота в Республике Дагестан более 4 тыс.

Ссылка на Google Диск https://drive.google.com/drive/forders/1MdP4fyDIddbSgiI2U-D0-FUjVN2cay4d, на котором размещена информация для взаимодействия с предпринимателями.

# КIвахI лъаларев тренер



Спорт бокьулезда гьоркьор Хьаргаби районалъул Хьаргаби росулъа ШагIбанов ТIагьир ТIагьирович лъаларев чи къанагIатги ватиларо. Гьесул гьитIинго, жеги школалда вугеб мехалдаго бижана спорталде рокьи. Цо заманалда Дагъистаналдаго машгьурал гугарухъаби рукIана хьергебдерил, гьел гьанжеги руго. БатIи-батIиял тайпабазда гьел цере рахъунел руго дунялалдаго.

ТIагьир ккола эркенабгун миллияб тайпаялъул СССРалъул спорталъул мастер, физкультураялъулгун спорталъул мустахIикъав хIалтIухъан, РДялъул мустахIикъав тренер, Дагъистаналъул миллияв БахIарчи.

Тренерлъун батIи-батIиял бакIазда гьев хIалтIана 33 соналъ. Гьел саназда гьес рахъинаруна 44 Россиялъул чемпион, 5 Европаялъул чемпион ва 2 Дунялалъулго чемпион.

ГьабсагIаталда ТIагьир хIалтIулев вуго нилъер районалъул Шамилькъала поселокалъул спортивияб школалъул директорлъун. ВачIун заман балелдего гьес спортзалалъе гьабуна капиталияб ремонт. Залалда къадада рарал Олимпиялъул, Дунялалъул, Европаялъул, Россиялъул чемпионазул суратазда гьоркьоса гьес аслияблъун рикIкIуна имам Шамилил сурат. Гьелъул магIнаги бугин бицуна ТIагьирица гIолеб гIелалъ гьесдасан мисал боси. Аллагьас къуват кьеги гьесие гьеб пикру гIумроялде бахъинабизе!

ТIагьирил жиндирго кIиго васги рахъана Россиялъул чемпионаллъун, дунялалъул призераллъун. Дун чанго нухалъ гIахьаллъана гьесул тренировкабазда. Дида бихьана гьесул жиндехунгоги спортсменаздехунги бугеб тIалабчилъиги жавабчилъиги. Гьединаб хIалтIуца хIасил кьечIогоги толаро.

ХIалтIизе лъугьун дагьаб заман гурони бачIониги гьев чанго нухалда ана спортсменалги рачун батIи-батIиял регионазде, ахIана къватIиса спортсменал нилъехъеги. Узухъда гьелъ лъимал ругьунлъизе руго хIалбихьиялде. ЦохIо спорталде кIвар кьун толаро гьес жиндаго цере ругел лъимал. Ругьун гьарула гьел адаб-хатиралде, берцинаб гIамал-хасияталде, цIалиялде цIикIкIун кIвар кьеялде. Гьединаб тарбия щварал лъимал гIумроялъул нухда мекъи ккейги щакаб жо буго.

Аллагьас къуват кьеги дуе, ТIагьир, дудаго цере лъурал масъалаби гIумроялде рахъинаризе!

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**
**Спорталъул ва захIматалъул ветеран.**

ЧIужугIаданалъул хIакъалъулъ рагIи

# Къо ккедал лъала чи

Дунялалдаго вирусалъул унти тIибитIиялъ кинабго рахъалъ захIматаб чIунхутIи лъугьана 2020 соналда. Киса-кибего гIадамазде рачIана цере рукIинчIел захIмалъаби, бахъана щивасухъа эркенлъи, ракIалдаго гьечIого хвалица рачун ана гIемерал гIадамал. АхIвал-хIалалъ тIалаб гьабулеб букIана вирус бергьунгутIиялъе цIуна-къаял рукIин, жалго жидедаго чIей.

Амма жалго жидедаго чIун сахлъи цIунизе рес букIинчIо гьеб цIуниялъул гIадамазе. ЦIа гIадин тIибитIун унеб унтуда гьорлъ кIиго маскабиги ран, тIаде гьава гьечIеб ретIелгун, квердаххелалгун хIалтIизе ккана гьел. Гьединаб хIалалда хIалтIана Унсоколо районалъул больницаялъул



тIолалго хIалтIухъаби, гьездаго цадахъ Унсоколо росулъа УмахIабият ГIабдулаеваги. ЦIадулаб унтуца кьолел «хIасилал» рихьарал хIалтIухъаби бугелъубго хIалтIиги тун нахъе ине, багьанаби ратун жалго цIунизе лъугьараб мехалъ гьезда рекъон багьнал ратичIо гьелъ ва классцояй ГIайшат МухIамадовалда бугеб хIал бихьун, Аллагьасухъе кинабгоги кьун, гIодое йиччан хIалтIуда чIана. Гьей йиго реанимациялъул санитарка. Араб соналда тIубараб реанимациялде сверун букIана больницаго. Гьедин бугеб мехалъ цин захIматго ругезухъе йортун, цин унтаразе квен кьезе гIедегIун, гьеб гIодобциндал тIадаб хIалтIи тIубазабун лъагIалицаго гIодое йиччан чIезе щвечIо гьелъие. Кинаго отделениязда регарал захIматго унтаразе хъулухъ гьабизе бигьаяб ишищха букIинеб хвалица хъамун унел ризлъараб мехалда.

«Жакъаги мунищ, гьудул УмахIабият, йигей»,-ян унтаразул загIипаб гьаракь рагIидал гурхIелалъ квелъ балаан гьелда, гьал унтуца кIвекIулезегIаниц дие захIматго бугеб,-ян пикруги гьабун раччана макьу тарал сардалги, хIалхьи щвечIел къоялги. БукIана замана рокъоего инчIеб, х1алкъаялъ кIолеб букIинчIо кваназе.

Гьал къоязда унтаралги дагьлъун гIодобе биччараб хIал буго больницаялда, гьеб хадубккунги тIибитIунгутIиялъе киса-кибего гIадин гьанибги гьабулеб буго вакцинация. ЗахIматаб лъагIалидаса хадуб свакги унтиги тIатана УмахIабиятилги. ГьабсагIаталда гьей сахлъи рукIалиде ккезабулей йиго.

ХIаракатал медхIалтIухъабиго гIадин тIад ругезда бихьичIого хутIичIо УмахIабият ГIабдулаевалъул ракI-ракIалъ гьабулеб хIаракатаб хIалтIи. Араб соналъул риидал Дагъистан Республикаялъул бетIер В. Васильевас У. ГIабдулаевалъе кьуна пандемия лъугIизабиялъулъ лъураб жигараб бут1аялъе гIоло РДялъул Правительствалъул ХIурматияб грамота ва районалъул территориалияб больницаялъул нухмалъулей Г. МухIамадовалъги гьелъул захIмат кIодо гьабуна гьединабго грамотаги кьун. Гьелъул хIалтIуе къимат кьолаго Г. МухIамадовалъ абула; къо ккедал лъала чи, УмахIабият ГIабдулаева кваранаб кверлъун чIана захIматаб заманалда,-абун.

**ХI. МУХIАМАДОВА.**

# Вакцинациялда хурхун

Вакцинация гьабуларо цере коронавирусалъ унтун рукIарал, бидулъ гьелда данде чIей гьабун бажарулел антителаби ругезе, цогидалги инфекционниял унтаби ругезе, гьединго захIматал хроническиял унтаби ругезеги.

«Нижеца цин росула бидул анализал, хал гьабула гьелъулъ антителаби ругищали, гьабула гьеб гIарац кьечIого, жидеего бокьун. Бицен гьабулеб бугеб вакцина босулеб буго цогидал пачалихъазги, гьеб тIубан хIинкъи гьечIеб ва пайда цIикIкIараб буго»,-ян абуна врачаз. Вакцина гьабула кIиго бутIаялда. КIиабилеб вакцина гьабула тIоцебесеб гьабун 2I къо ун хадуб. Вакцинация гьабун щуго къо ун хадуб гьабизе ккола термометрияги. ГIадатиял рагIабаздалъун абуни, хал кквезе ккола цIа-каналда хадуб».

Бицана врачаз гьеб даруялъул гIуцIиялъул, гьелъул хIинкъи гьечIолъиялъул. «ХIатта, гьеб гьабун хадуб коронавирусалъ унтаниги гьеб букIине буго тIадагьаб къагIидаялъулаб»,-ян бихьизабуна гьез.

## ХIакимасе жаваб

Малла Насрудинги цо пуланав чиги дагIба-рагIи ккун рачун руго хIакимасухъе. Цо чанго къоялъ цебехунги цо кинабалиго иш ккун, гьево хIакимасухъе ккун вукIун вуго Малла Насрудин.

Малла Насрудин вихьаравго, хIакимас абун буго:

-Нечоларищ мун, Насрудин, кIиабилеб нухалъги гьаниве вачIине,-ян.

-Щиб батIаго, бегьулареб жойищ гьеб бугеб?,-ян жаваб кьун буго Малла Насрудиница.

-Бегьилищха, дуда лъалагогоищ бугеб яхI-намус бугев чи гьаниве вачIунареблъи,-ян абун буго хIакимас.

-ВахI, дунали гьаниве кIиабилеб нухалъ щолев вуго, мунилан абуни, щибаб Аллагьас бачIараб къоялъ гьанив вуго,-ян жаваб кьун буго Малла Насрудиница.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 6. 2021 г. 17.30
фактически - 18. 00 мин.
..........................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.